ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№57 (21.715) ● 2010 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Терроризмэм зэребэнынум и Іэмалитху

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я унафэщІхэм я зэІуІэ зыгуаэ Мэхьэчкьалэ щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий игъэнэІуащ Кавказым терроризмэм зэрыщебэныну щыкІэм теухуа кьалэн нэхъыщхьэу тху. «Ахэр хабзэхъумэ органхэр, МВД-р, ФСБ-р, судхэр щІэгъэбыдэныращ; террористхэм кьамэпэ жаным и удыныр едзыныращ, езыхэмрэ абыхэм я хэщІапІэхэмрэ зэтекьутэныращ; лІыукІхэм кьапыкІыну зи мурадхэм ядэІэпыкьунырщ; экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьынырщ, ущием, дуней тетыкІэмрэ псэкупсэ кьурымрэ я ефІэкІыныгъэхэм зегъэузэщІыныращ», - ккыхигъэщащ къэралым и лІыщхьэм.

Абы кьыз зэрилъытэмкІэ, «а Іуэхугъуитхур диІэмэщ дащыпэлъэщынур».

«Дэ дынэхъыбэщ, дынэхь лъэщщ, цІыхухэм я гъащІэмкІэ дыжэуаптакІуэщ, нэхъыщхьэращ, пэжыр ди тельхьэщ», - кьыхигъэбелджылыкІащ Президентым.

Журналистхэм захуигъаз зэу Медведевым кьыхилъхьащ «Кавказ Ищхьэрэм щыщхэр» терминыр я тхыгъэхэм кьыхамыгъэщыну. «Кавказ Ищхьэрэ республикэр адрей дэтхэнэ зы щІыналъэмэ хуэдэу, Урысей щыщ Іыхьэщ. ЩІэпхьаджащІэхэм лъэпкъ яІэкьым», - кьыхигъэщащ къэралым и Іэтащхьэм.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хущІокъу

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Антитеррор щыналъэ комиссэмрэ зэгьегъэлъэкьыныжмкІэ зэуІуэ зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхугъуэхэм, Апхуэдэу щытепсэльыхьащ Текіуэныгъэ Інёкір илъэс 65-рэ зэрыриныкъу теухуа Іуэхугъуэхэр щагъэхьэзыр, щрагъэкІуэкІ зэманкэм жылагъуэ хабзэмрэ шынагъэншагъэмрэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ лэжьыхпхъэхэми.

КЪОНАКЪ Хьэсэн.

● ЗэІущІэхэр

ЩІэныгъэ лъагэ зиІэхэр ягъэхьэзыр

Гъатхэпэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щызэІущащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щыналъэм ит еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэр.

КъБКъУ-м щекІуэкІа щыналъэ семинарыр теухуауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щыналъэм ис щІэныгъэ лъагэ зиІэ Іэщ Іа гъэпІэкІр щыгъэхьэзырным, я зэфІэкІыр кьэпщІэтэным ехьэлІа ухуэкІэм зегъэужьыным.

ЗэІущІэр щІидзэным и пэ кьиуэу хьэщІэхэр ираГъэпльащ «КъБКъУ-р - нобэзыфІащ гъэпсыгъэныгъэм. Абы ректорхэм щыгъуазэ щызэхуащІащ ди университетым щекІуэкІ лэжьыгъэм.

Рособрнадзорым щІэныгъэ, щІэныгъэ-педагогикэ лэжьакІуэхэм я зэфІэкІыр кьыщапщытэ и управленэм и унафэщІ **Аристер Николай** зэІуІэр кьыщызэІунхьэм фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м и Іэтащхьэхэми КъБКъУ-м и ректорми семинарыр Налшык щрагъэкІуэкІыну кьызэрырагъэблэгъам папщІэ. КъаІэта Іуэхугъуэм ехьэлІауэ щынатьэхэм щыщ щытыкІэхэр зрагъэщІэну, абы хэлъ гугъуехьэхэрэ ахэр зэфІэхьыным теухуауэ дэтхэнэми иІэ чэнджэщхэмрэ щІэдзэІуныр я мурад нэхъыщхьэу зэрыщытыр игъэбелджылащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм кьабгъэдэкІ фІэхъуС псалъэхэмкІэ хьэщІэхэм захуигъазащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщІм и япэ кьуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым.**

- Хуабжьу ди гуапэ мэхъу мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэм лъэхэм зэрыщекІуэкІыр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ унэтІыныгъэр ди республикэм я пэ щрагъэщІ Іуэхугъуэхэм я ящыщу, - жиІащ Іуэхущхьэуэ - Дэ дгъэхьэзырыну нужь дитщ европэ, дунеипсо пщалъэхэм изагъэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлъ Іэр. Абы ехьэлІауэ гугъапІэ нэхъыбэ зэтпхьр Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетраш. ИкІи зи гугъу тщІым пэлъэщын хуэдэу мыткуТехникэ лъабжьэ быдэ мыбы иІэщ, апхуэдэуи иджыпей мардэм кьитІасэ егъэджэныгъэхэр нэсу щызэтеублащ.

Университетыр зэманым декІуу зэрыбакъуэр, республикэм и Іуэхугъэр хьарзынэу зэрыдэкІыр жиІа нэужь, Къуэшрокъуэм псалъэ иритащ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий. Ар убгъуауэ тепсэльыхьащ университетым и диссертацэ советым и лэжьакІуэ кьызэрыгъэнэщІащ, кьыдагъэкІ щІэныгъэ журналхэм, апхуэдэуи зэгъэщІэныгъэ Іэмалхэр кьыгъэсэбэпкІэрэ, гьунэгу ректорыбкхэм я университет нэхъ пашхэмрэ КъБКъУ-мрэ я лэжьыгъэм кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

Аристер Николай кьыщІэпсалъэм кьытеувыІащ зи гугъу ящІ Іуэхугъуэм хэлъ ныкьуСаныгъэхэмрэ ахэр гьэзэкІуэжьын зэрыхуеймрэ. ЩІэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ кадрхэр гъэхьэзырыным гупльитэ хэха хуэщІын зэрыхуеймрэ, УФ-м щыІэ диссертацэ совет мини 3-м зи кьалэным пэмыльэщхэр зэрахьатын, кандидат, доктор диссертацэхэр щыпсахэкІэ, хабзэм кьызэрригъэувын тету кьызэрамыщІатын убгъуауэ тепсэльыхьащ Аристер Николай.

Рособрнадзорым и лэжьакІуэхэм я кьэпсэльэныгъэм иужькІэ зэхэта «стІол хьурейм» псалъэмакъ купщІафІэ щекІуэкІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Жылагъуэ палатэ

Зи сэбэп хэлъ дэтхэнэ зыри

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм «КъБР-м экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щІэпщІэтыным жылагъуэм хуищІ хэлъхьэныгъэр егъэфІэкІуэн» щІыналъэ щІэныгъэ-практикэ конференц мэлыжьыхьым и кІэм КъБКъУ-м и юридическэ кьудамэм щригъэкІуэжьыну и мурадц. КьызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, Жылагъуэ палатэм хэт, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Кьалмыкъ Жылэбий иригъэкІуэкІащ жылагъуэ псор зыгъэпІейтей, мыхьэнэ зиІэ гугъуехьэхэм ехьэлІауэ зыхэпльэнхэр щагъэбелджылэ зэІущІт. Конференцым и лэжьыгъэм хэтыныгъ тхыдэтхэр, юристхэр, политологхэр, кьарузехьэ Іэнатіэхэм, кьалэ, район муниципалитетхэм, дин Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр.

ЩІалэгъуалэр терроризм зэгугъэныгъэхэм, ар щыналъэ, кьэрал, геополитикэм епха нэгъуэщІ щІыпІэ ирехьри, зэрыщыхашэм и щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкІыным теухуауэ я Іуэху епльыкІэхэр абы щыкІэнэщ Урысейм стратегие кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и аналитикхэм.

КьызэгъэпэщакІуэ комитетым а лэжьыгъэм хэтыну ирегъэблагъэ Іуэхум и мыхьэнэр кьэзыплъитІу, эи сэбэп хэлъ дэтхэнэ зыри. Абы щхьэкІэ секретариатым фыпсалъэ мы телефонымкІэ: 77-11-04.

КОТЛЯРОВЭ Марие,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт.

● Шэрэдж куей

Зеужь зэпыт

ЩэрэдЖ районым Іуэхущ Іапі э мыпхэр кьыщызэІуакІыным гульытэ хэха щегъуэт. Мы зэманым кеІм анхуэдэ ІэнатІэу 95-рэ, хьэрычтщІакІуэу щІыху 800-м нэблагъэ иІэщІ, абыхэм я лэжьыгъэм куздкІэ елытащ районым и экономикэм зэрызижьыну щыкІэр.

2010 - 2013 гъэхэм кьриубыдэу хьэрычтэщІэ Іуэху ику ит, щыкІу жьхуэтІэхэм зегъэубгъэным хуэунэтІауэ мы щІыпІэм къыщащтащ программэ купщІафІэу зыбжанэ. Абыхэм япкъ иткІэ ЩэрэдЖ щІыналъэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэу 450-м нэс кьыщызэІуахыну я мурадщ. Ахэр нэхъыбэу тегъэщІауэ щытынущ мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм, щІыхуэхэм Іуэхутхьебзэ яхуищІ-ным, промышленностым псынщІэм. Ауэ гулыпитэ нэхъыщхьэ зыхуэщІыпхъэу кьалымтэр кІуэ пэтми зызыужьын хуей турист бизнесырщ. Мы Іуэхугъуэхэм теухуауэ ильэсыщІэм дызэрыгтехьэрэ районым и хьэрычэтщІакІуэхэм сом мелуани 5-м и уасэ кьагъэсебэпащ. АбыкІэ дэІэпыкьэгъу кьыхуэхьащ КъБР-м Сатурэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ сом мин 400-м нэс мы Іуэхум хэзыльхьа район администрацэмрэ.

КьыхэгъэщІапхъэщ, ЩэрэдЖ районым лэжьапІэнщхэм я бжыгъэр проценти 8-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Ар и фІыгъэщ щІыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыным 2009 гъэм сом мелуан 32-м щІигъу зэрыхухахам. Район унафэщІхэм я мурадщ мы щІыпІэм и зыужьынигъэр сыткІи зэльыта Іуэхущ Іапі э мыинхэмрэ ynex хозяйствэхэмрэ я бжыгъэм дяпэкІи кьыхахъхьэнум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Іуащхьэмахуэ куейм и гъэзэгу управленэм и лэжьакІуэхэр жыг-махуэ ямыІэу мэпльыр. иджы хуэдэ зэманым къуршым уэсышхуэ къызэрехьм къыхэкІыу.

ИУЖЬРЕЙ тхьэмахуищым кьриубыдэу «Шхельдэ» алыплагерым и Іэгъуэблагъэхэм уэсыр щэнейрэ кьышцехащ. Псорэ зэхэту кьехар кубометр мин 12-м нос. Управленэм и лэжьакІуэхэр я Іуэхум сыт и лъэныкъэкІи хуэхьэзыру Іуащ Іащ: Іуащхьэмахуэльапэ бульдозеритІ щаІыгъщ, гъэзугъэр зыгъэсёсёуэ уэсыр ирыІуатхуэу. Гъэзугъэр зыгъэсёсёуэ дежкІэ щынагъуэщ напІэзыпІэм кьыгуэнкІэ хьуну уэсыр. Абы къыхэкІыу кьурш джабхэм кьегъэлакІуэ гуп щхьэхуэхэр мыбэзэрыгъыу щоплъыр. Жэуапльнигъэ ин зыпылъ апхуэдэ лэжьыгъэхэм къадэкІуэу, «Іуащхьэмахуэзытьапэ» зыгъэнсэхупІэм, «Іуащхьэмахуэ» щІэныгъэ-методическэ центрым, «Жантыгъуэн», «Шхельдэ» алыплагерхэм щыІэ туристхэм я Іуэхур зыІутым кІэльпоплъ, ахэр щызекІуэ Іыгъуэгъэрэ ягъэкъабзэ. Иджыпсту гьатхэр здынэсам Адыгэ-Су ауэдым уэсыр кьыщІэс зэпытщ. Гъэзугъэм елэжьхэм я дэжьыгъэм кьыхэмыхьэуэгъ, дунейр хуабэ дыдэ кьэхъуэу хэщІ зэримыІэнур гурыІуэгъуэщ.

● Іуащхьэмахуэ куей

Гъэзугъэм кІэлъоплъ

Хэку зауэщхуэм ди къэралым кьыщихьэ Текіуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум теухуауэ йокІуэкІ Прохладнэ куейм ит тхыдэ музейхэм я зэхьэзэхуэ.

РАЙОН администрацэмрэ сабий творчествэмкІэ центрымрэ зэгъусэу кьыІэзрагъэпэща мы Іуэхугъэр зыхуэунэтІар зыхуэунэтІыпхъэу кьалымтэр кІуэ пэтми зызыужьын хуей турист бизнесырщ. Мы Іуэхугъуэхэм теухуауэ илъэсыщІэм дыдэрыпетхьэрэ районым и хьэрычэтщІакІуэхэм сом мелуани 5-м и уасэ кьагъэсебэпащ. АбыкІэ дэІэпыкьэгъу кьыхуэхьащ КъБР-м Сатурэм экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэмрэ сом мин 400-м нэс мы Іуэхум хэзыльхьа район администрацэмрэ.

КьыхэгъэщІапхъэщ, ЩэрэдЖ районым лэжьапІэнщхэм я бжыгъэр проценти 8-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Ар и фІыгъэщ щІыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыным 2009 гъэм сом мелуан 32-м щІигъу зэрыхухахам. Район унафэщІхэм я мурадщ мы щІыпІэм и зыужьынигъэр сыткІи зэльыта Іуэхущ Іапі э мыинхэмрэ ynex хозяйствэхэмрэ я бжыгъэм дяпэкІи кьыхахъхьэнум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Прохладнэ куей

Дерс къыхах

Хэку зауэщхуэм ди къэралым кьыщихьэ Текіуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум теухуауэ йокІуэкІ Прохладнэ куейм ит тхыдэ музейхэм я зэхьэзэхуэ.

ЩІыІэ хьыбарыр щыхьэт зэрытехьэуэщи, 2009 гъэм кьаруэхьэ Іэнатіэхэм Іэщ Іэкіэ зэщІэуэзда бзаджащІэ гупым хэтхэр гъэкІуэдыным теухуа Іуэхугъуэхэр иригъэкІуэкІа нэужь, КъБР-м и бандэ гупым я Іэтащхьэ Астемыр Анзор езым и кьудэзу Т. игъэуваУэ щытащ, республикэм и бзаджащІэ гупыр мылъкукІэ кьызэгъэпэщыныжмкІэ жэуап зыхь «наиб»-кІэ зэджэр.

КъаІэрыхьа хьыбарым тепщІыхьмэ, хабзэхъумэ Іэнатіэ хэхакъэ 2010 гъэм гъатхэпэм и 24-м яуКІа бандэ гупым и Іэтащхьэ Астемыр А. Е. и пІэкІэ Т. ягъэуват.

Т. нэхъапэм республикэм и дин-экстремист гупхэм ящыщ зым и пашэу щытащ. Зэман кІыхьым кьриубыдэу КъБР-м и щІыналъэм Іуэху фІейкІэр щызэригъэУІуащ, и щхьэкІэ бандэ гупхэм я Іэтащхьэхэм, апхуэдэуи Кавказ Ищхьэрэм щыІэ бзаджащІэхэм я пщыщ Іуэхущ. Къишынэмыщ Іуэху, абы и пІэм щІэту илъэсыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм яхуэгъэзэ террорист хьэрэщащ щалэжьащ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм зыуэ щыт я хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі э.

● Аруан куей

Жэрдэм щхьэпэ

Нартхъалэ щыпащащ къуажэдэс бынунагъэуэшхуэхэм жэм къахуэнэжхуным теухуа республикэнсо псаиэ Іуэхум.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщ мыр илъэс кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым и жэрдэмкІэ кьыхалъхьауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм кьриубыдэу жэм 26-рэ кьыхуащхуащ зыдэІэпыкьупхъэу кьалъыта унагъуэхэм. Мы мазхуэхэм чэзур кьыІыхьащ бынибгъу зиІэ Шыкъ Жанэ. Ар Нарткъалэ дэт «ДэІэпыкьуэгъу псынщІэ» Іэнатіэ санитаркэу щоладжьэ, и улахуэр инкъым. Сабийхэм я адэмэ пІалъэр лажьэ мыхьумэ, Іэнатіэ пшухькІа иІэкъым.

Шыкьхэ я унагъуэм жэмыр щыхуашам кьрихьэлІахэщ КъБР-м и Сабий фондымрэ жылагъуэ палатэмрэ я лІыкІуэхэу Архэт Людмилэрэ Котляровэ Мариерэ.

Бын унагъэшхуэхэм жэм кьахуэщэхуным екъэлІа псапащІэ Іуэхур и кІэн нэсащ. Аруан куейм щыщ псапащІэ Іуэхум унагъуэ 5 хищыдащи, абыхэм псоми зэхэту сабий 40 яІэщ. ИльэситІ зэкІэлъыкІуэкІэ Сабий фондым иригъэкІуэкІа Іуэхур хуэунэтІауэ щытащ бын куэд зыпІ адэ-анэхэм гульытэ яхуэщІыным, сабийхэр гъэш щымыщІэным.

ЛЪОСТЭН Музэ.



♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

♦ Байконур космодромым тельэтыкІын хуейщ «Союз ТМА-18» хьэрш кхъухьлъэтэр.

♦ Мэлыжьыхьым и 2-4-хэм Ашхабад (Тыркумэн) щызэхэтынущ «Псы тКІуэпсыр - дышэ кІанэщ» зи фІэщыгъэцІэ Дунейпсо зэхьэхэ.

♦Мэлыжьыхьым и 2-12-хэм Мароккэ щекІуэкІынущ Сахарэ къымым и 25-нэ пшахъуалъэ марафонэр.

♦1911 гъэм ЩІагъэ Нурий «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр Истамбыл кьыщыдигъэкІащ.

♦1948 гъэм адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ **КІэрашэ Тембот** СССР-м и Кьэрал (Сталин) сауГэтыр ящ Іуэтащ.

ПІлагэлэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Лъэпкъ Іущагъэ:

Утхьэмыщ кІэу беипхъу кьыумышэ.

Аргуэру зы щІэпхъаджащІэ

Республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм Іэщэкіэ зызэщІэзыуэзда бзаджащІэ гупхэм хэтхэм я терроризмэ хьэгъэщагъэхэр кьызэпыудыным теухуауэ 2010 гъэм гъатхэпэм и 31-м Іуэхугъуэ пыухыкІа Налшык щрагъэкІуэкІыжьын. терроризм эщІэнэ зыхэлъ щІэпхъаджагъэ илъжьауэ кьалъыхъуэ Т. 1970 гъэм кьалъхуар хабзэхъумэхэм Іэщэкіэ кьапэуващ иКІи абы ипкъ иткІэ бзаджащІэр яуКІащ.

АР КЪЫЩЫХЪУА щІыпІэр кьыщызэхапльыхьыж «ТТ», «Гроза-02» кІэракъуэхэр кьагъуэтащ.

● Зэ Іущ Іэхэр
● Жылагъуэ палатэ
● Шэрэдж куей
● Іуащхьэмахуэ куей
● Прохладнэ куей
● Аруан куей
Лъэпкъ Іущагъэ

●КъБР-м и Президентым и пощт

Сабий ныкъуэдыкъуэ зыпI унагъуэр псэупIэкIэ къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Президентым и Интернет-хэщIапIэм (www.presidentkbr.ru) гъатхэпэм и 12-м кьыщыщIадзауэ и 26 пщIондэ щIыхьи 169-м зыхуагъэзащ. Абыхьэм я нэхьыбэр, процент 29-р, псэупIэм тещIыхьащ. Процент 23-р ЖКХ-м хэтэ ныкъуасанигъэхэм, процент 17-р проектхэмрэ Iуэху еплыкIэхэмрэ ехьэлIащ, проценти 9-р узынщагъэр хьэмэным хэлъ щыщIэныгъэхэмрэ IэнатIэ зрамыIэмрэ егъэпсигъ, проценти 6-р щIыпIэхэм цекIуэнэ, пэжыгъэхэмкIэ арэзыкъым, проценти 4-р егъэжьныгъэм теухуащ, проценти 3-р КъБР-м и Президентым ефIыщIэ хуэзыщIтхыгъэщ.

БЕНЬКО Иринэ результик эм и Iэтащхьэмрэ Прохладнэ кьалэм и администрацIэмрэ ефIыщIэ яхуещI и псальэм псынщIэу кьызэрипэджжам папщIэ. Ан эефэрейм и зэранIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ зымыгъэуI и гъунэгъун дэIэпыкъуну щIэльэIуу КъБР-м и Президентым и сайтым зыхуигъэзати, Прохладнэ кьалэ администрацIэм и унафэщI Пархоменкэ Юлэрэ кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КIэнцIэлий Анатолэрэ хэлIыфIыхьэри, сымаджэр ягъэзэнулъ.

Налшык Мусукаевым и щIэкIэ щIыIэ уэрамым тет унэм щIыпсэухэм республикием и Президентым и сайтым хэтащ «Интернет-клуб» фIащауэ щыIэжьу пэш я пщIантIэм зэрыщагъэлажьэр. Къэрал кIуэцIу Iуэхуэсмэм ихьисапкIэ щыIэжьу Iуэхуэсмэм и Президентым и унэкIэ, я зэхуащIу зэраIэкъыкIэ щыIэжьу зейхэм тхыль хуатхащ иби хэтIыж папщIэ зыхуэфащэ ээзэыгъэкIуэ щыIэм я гъэзэнкIуэ щыIэ.

НЫР Залинэ.

●Комиссэхэм

Къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Правительствэм и Унэм гъатхэпэм и 24-м щыIэзэхэщ республикием и Президентым дежI граждан жыIагъуэхэм зегъэужьныныр ягъэхьыжкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ абы жэуап зыих и секретарь Беппаев Суфян.

ЗэIУЩIэМ и пащIэдзэм щытепсэлъыхьащ республикием тезырхэр щрахьэкIыу щыIэ 1-нэ, 3-нэ колониехэм я лэжьакIуэхэм цIыхум и хуитынгъэхэр хьумэныр къызэрызэрагъэпэщыжьм. Абы теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм кIыркIуэхэр къызэхуэсахэм яхуиIуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адвокат палатэм и президент, комиссэм хэтI**Ебгъэжьыкьуэ Хьэбас**.

- ЦIыхухъуэм тезырхэр щрахьэкIыу Щэджэм районым и Канменкэ жылагъуэм щыIэ тутнакъэщтIми я щIэныкIэр, я лэжьакIэр, ягъэтIысахэм я узынщагъэм зэрыкIэпъыпIыр, ахэр зэрагъашхэр, зэрахуагъэр, кIэщIу жыпIэмэ, щекIуэкI лэжьыгъэхэр зыкуэдар ирихьыпIыгъэ лъэныкъуэ псомкIи кэтпщытащ. Абыхэм щыгъуэ куэдым денсэпъыIати, тутнакъэщхэм я унафэщIэхэм, я лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ зы тхъуэсхафэ закъуи ежьабгъэдэкIакъым.

- ЦIыхухъуэм зэрыкIуэ щIэныгъэ щIыпIэ щIыгъуэ щIыгъуэ щIыгъу